

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Métođu Panalungtikan

Métodeu panalungtikan mangrupa rangkay tina cara atawa kagiatan panalungtikan anu didasaran ku asumsi-asumsi dasar, pandangan-pandangan filosofis jeung ideologis, patalékan jeung isu-isu anu disanghareupan. Hiji métodeu panalungtikan miboga rancangan panalungtikan (*research design*) anu tangtu. Ieu rancangan ngagambarkeun prosedur atawa léngkah-léngkah anu rék dihontal, waktu panalungtikan, sumber data jeung kondisi naon harti data dikumpulkeun, jeung kumaha cara éta data dihimpun jeung diolah (sukmadinata, 2012).

Métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu kuantitatif ngaliwatan pamarekan ékspérimen kuasi. Numutkeun (Arikunto, 2009), pangna disebut ékspérimen kuasi, kusabab lain mangrupa ékspérimén murni tapi kawas nu murni. Ieu ékspérimén biasana disebut ogé ékspérimén semu. Métodeu ékspérimén kuasi dina ieu panalungtikan, pikeun mikanyaho aya béda anu signifikan atawa henteu saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta kerangka gawé dina hiji studi, pikeun ngumpulkeun, ngukur, jeung ngalakukeun analisis data pikeun ngajawab patalékan-patalékan panalungtikan (Hasan, 2002). Désain panalungtikan kuasi ékspérimén aya tilu rupa, nya éta (1) *one shot case study*; (2) *one group pretest – posttest design*; jeung (3) *posttest only control group design* (Arikunto, 2009). Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré *pretest* heula pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran kamampuh ngaregepkeun dongéng. Sabada éta dibéré *treatment* nglatih kamampuh ngaregepkeun dongéng ngaliwatan pangajaran maké modél *Numbered Heads Together (NHT)*. Tuluy, pikeun ngukur

kamampuh ahir siswa kamampuh ngaregepkeun dongéng dilaksanakeun *posttest*. Desain ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

<i>Pre test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post Test</i>
O1	X	O2

(Arikunto, 2009, kc. 212)

Keterangan:

O1= *Pre test*, kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*

X= *Treatment*, kamampuh ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*

O2= *Post test*, kamampuh ngaregepkeun dongéng sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nyaéta subyék anu ditalungtik pikeun meunangkeun data. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-6 di SMP Negeri 1 Bandung. Ari data anu diolahna mangrupa hasil ngaregepkeun dina pangajaran dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada maké modél *Numbered Heads Together (NHT)*.

Tabél 3.2
Sumber Data Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
VII-6	Awéwé	17 siswa
	Lalaki	15 siswa
Jumlah Siswa		32 siswa


3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titéan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (*Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019*)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah anu kudu dilakukeun. Anapon léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) tahap tatahar, (2) tahap pelaksanaan, (3) tahap nganalisis data, jeung (4) kacindekan.

1) Tahap Tatahar

Tahap tatahar nyaéta tahap anu munggaran dilakukeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a) Ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngaidéntifikasi masalah anu kudu ditungkulan. Dina ieu tahap téh dilakukeun obsérvasi ngeunaan pangajaran basa Sunda hususna dina ngaregepkeun dongéng;
- b) Ngajukeun judul panalungtikan (skripsi) sabada ngaidéntifikasi masalah nu aya di sakola;
- c) Ngajukeun proposal skripsi;
- d) Nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP); jeung
- e) Nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMP Negeri 1 Bandung ngeunaan “Modél *Numbered Heads Together (NHT)* Dina

Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ekspérimén siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019).

2) Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan ngaregepkeun dongéng;
- b) Nyiapkeun instrumén panalungtikan; jeung
- c) Ngalakukeun panalungtikan ka siswa.

3) Tahap Nganalisis Data

Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Ngumpulkeun data;
- b) Ngolah hasil data *pre-test*;
- c) Ngolah hasil data *post-test*, jeung
- d) Nyusun laporan hasil tina panalungtikan.

Dina ieu prosedur panalungtikan, anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés. Tés dilakukeun pikeun meunangkeun data hasil ngaregepkeun dongéng siswa, ngawengku tés awal jeung tés ahir. *Pre-tést* minangka tés pikeun meunangkeun data hasil ngaregepkeun dongéng siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*, sedengkeun *post-tést* minangka tés pikeun meunangkeun data hasil ngaregepkeun siswa sanggeus dibéré *perlakuan* nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together (NHT)*.

Anapon léngkah-léngkah panalungtikan saperti ieu di handap:

- a) Nataharkeun matéri pangajaran ngaregepkeun dongéng;
- b) Nataharkeun instrumén panalungtikan, wangun *pre-test* jeung *post-tést*;
- c) Ngayakeun panalungtikan, ngalakukeun *pre-tést*;
- d) Ngalakukeun *treatment*, ku cara siswa ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*;
- e) Ngayakeun *post-test* ka siswa sanggeus siswa ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*;
- f) Kacindekan.

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (Studi Kuasi Ekspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtikan nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelegensi*, jeung kamampuh, atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok (Misbahuddin dan Iqbal Hasan, 2013). Téknik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa anu ngawengku téma, tokoh, latar, galur, jeung. Téknik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu baris dianalisis ngeunaan modél *Numbered Heads Together (NHT)* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahapan saperti anu diébréhkeun ieu di handap.

- 1) siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangaweruh ngeunaan dongéng jeung kamampuh ngaregepkeun dongéng.
- 2) sabada mikanyaho hasil tés awal siswa, panalungtik nataharkeun naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés diajar ngajar kalawan ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*.
- 3) nepikeun matéri dongéng dina prosés diajar ngajar kalawan ngalarapkeun modél *Numbered Heads Together (NHT)* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment* (perlakuan).
- 4) sanggeus ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*, satuluyna diayakeun tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina ngaregepkeun dongéng.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Lembar tés nyaéta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ngaregepkeun dongéng siswa anu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. Jenis tés objéktif anu digunakeun mangrupa soal tés tulis anu mangrupa pananya ngeunaan kategori dina kamampuh ngaregepkeun dongéng. Tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together (NHT) (pretest)* jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together (NHT) (posttest)*. Saméméh nyieun instrumén tés, panalungtik kudu nangtukeun kisi-kisi tés sangkan babari dina nyieun tésna.

Ieu di handap kisi-kisi tés anu dipaké dina panalungtikan.

Tabél 3.3
soal Pretest jeung Posttest

1. Naon téma tina dongéng Situ Bagendit?
2. Saha waé tokoh dina dongéng Situ Bagendit? Tur kumaha watek palaku dina éta dongéng?
3. Dimana waé tempat nu aya dina dongéng Situ Bagendit? Tur kumaha waktu jeung suasana dina éta dongéng téh?
4. Kumaha jalan carita dina dongéng Situ Bagendit?
5. Naon amanat nu bisa dicokot tina dongéng Situ Bagendit?

3.7 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pretest* jeung *posttest*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh *pretest* jeung data hasil kamampuh *posttest*.

a) Pedoman meunteun Ngaregepkeun Dongéng

Tabél 3.4
Pedoman meunteun Ngaregepkeun Dongéng

Aspék	Indikator	Butir Soal	Skor
(1)	(2)	(3)	(4)
		1. Naon téma tina dongéng Situ Bagendit?	10
		2. Saha waé tokoh dina dongéng Situ Bagendit? Tur kumaha watek palaku dina éta dongéng?	10
		3. Dimana waé tempat nu aya dina dongéng Situ Bagendit? Tur kumaha waktu jeung suasana dina éta dongéng téh?	10
		4. Kumaha jalan carita dina dongéng Situ Bagendit?	10
		5. Naon amanat nu bisa dicokot tina dongéng Situ Bagendit?	10
		Jumlah	50

b) Méré peunteun jeung nganalisis hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, kalawan ngagunakeun rumus. Pikeun meunteun hasil ngaregepkeun siswa kana dongéng anu geus diregepkeun ti babaturanna (siswa anu cicing di kelompokna), digunakeun pedoman meunteun saperti tabel tabel 3.4. Dumasar kana pedoman di luhur, skor maksimal nya éta 20, skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah kalawan ngagunakeun rumus saperti di handap ieu:

$$\text{peunteun} = \frac{\text{Skor nu kahontal}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Katerangan

KKM : 75

Peunteun maksimal : 100

Katégori :

- Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu ngaregepkeun dongéng.
- Peunteun < 75 , siswa dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng.

c) Ngasupkeun peunteun kana tabel ieu di handap.

Tabel 3.5
Data Hasil Meunteun

No.	Aspék					Peunteun	Katerangan
	1	2	3	4	5		
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)

Katerangan:

1 : Téma

2 : Tokoh

3 : Latar

4 : Galur

5 : Amanat

3.7.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara make *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan proses ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik.

3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun distribusi normal atawa henteuna data (Sudajana, 2005). Kitu ogé uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu

distribusi data dina variable nu digunakeun dina panalungtikan. Data nu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data nu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 = distribusi data normal

H_1 = distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5%. Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 = ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 = ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. (Sudajana, 2005). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogeny atawa henteuna variasina sumber data. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

H_0 = varians sampel homogen

H_1 = varians samel teu homogen

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Levence* ku taraf signifikansi 5% ($\alpha=0,05$), kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.7.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik parametris kalwan ngagunakeun t-tes.

Sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_a (Hipotesis alternatif) = Aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*. $H_0: p \leq 0$ $H_1: p > 0$

H_0 (Hipotesis nol) = Teu aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together (NHT)*. $H_0: p \leq 0$ $H_1: p > 0$.

Dais Nurhalisa, 2019

MODÉL NUMBERED HEADS TOGETHER DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository | Perpustakaan.upi.edu